

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Kegiatan panalungtikan tangtuna merlukeun pamarekan nu jelas. Dina ieu panalungtikan, pamarekan nu dipaké nyaéta pamarekan kualitatif. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif sabab objék panalungtikanna mangrupa bagian tina basa sastra hasil panalungtikanna mangrupa wangun tinulis. Saluyu jeung pamadegan Sarosa (2012, kc.7) yén *penelitian kualitatif adalah penelitian yang mencoba memahami fenomena dalam setting dan konteks naturalnya (bukan di dalam laboratorium) di mana peneliti tidak berusaha untuk memanipulasi fenomena yang diamati*. Di handap ieu baris dipedar ngeunaan métode panalungtikan nu patali jeung desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Dina wengkuan sastra, pikeun nalungtik karya sastra nurutkeun M. H. Abrams aya opat pamarekan nyaéta éksprésif, objéktif, mimétik, jeung pragmatik (Ilma jeung Bakhtawar, 2019, kc. 26). Dina ieu hal panalungtik ngagunakeun pamarekan objéktif, sabab sagemblengna nu ditalungtik sumberna ngan tina novelét *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati.

Métode panalungtikan dihartikeun salaku cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalayan udagan jeung mangpaat nu tangtu. Nurutkeun Ratna (2013, kc. 34) métode panalungtikan nyaéta cara-cara, stratégi pikeun maham réalitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan pasualan panalungtikan.

Dina panalungtikan nu ngagunakeun karya sastra minangka objek, métode panalungtikanna kudu aya tujuan jeung mangpaat dina nganalisis karya nu rék ditalungtik. Miang tina éta hal, métode panalungtikan nu dipaké nyaéta métode déskriptif analisis. Métode panalungtikan déskriptif analitik nyaéta panalungtikan nu dilakonan ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna disusun ku analisis (Ratna, 2013 Kc. 34).

Sacara étimologis déskripsi jeung analisis hartina ngadadarkeun. Najan kitu, analisis nu asalna tina basa Yunani, *analeyein* ('ana' = atas, 'iyein' = lepas, urai) geus aya harti séjénna, lain ngan sakur ngadadarkeun tapi nepikeun pangaweruh jeung pamahaman (Ratna, 2013, kc. 53).


Tujuan ngagunakeun ieu métode téh pikeun maluruh struktur karya sastra. Hasil analisis struktur tuluy dijadikeun dadasar pikeun maluruh unsur-unsur nu ngawangun éta karya sastra, ajén atikan karakter sarta karakteristik tokoh dumasar pamarekan psikologi perkembangan nu nyampak dina éta objék panalungtikan

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta komponén anu digunakeun dina panalungtikan. Sarta kagiatan anu dilaksanakeun dina waktu prosés panalungtikan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka jadi hasil panalungtikan. Struktur desain ieu panalungtikan bisa digambarkeun saperti kieu:

Bagan 3. 1

Desain Panalungtikan



3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salah sahiji cara pikeun ngahontal sagala tujuan dina ieu panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, téhnik anu digunakeun nyaéta studi pustaka. Ieu téhnik panalungtikan téh digunakeun pikeun nyangking informasi data jeung fakta anu aya patalina jeung objék panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan*. Dibarengan ogé ku data lian ti nu ngarojong sarta raket patalina jeung struktural, psikologi perkembangan, sarta ajén atikan karakter.

Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data, nyaeta:

- 1) ngumpulkeun referensi nu aya patalina jeung strukturalisme, ajén atikan karakter, jeung psikologi perkembangan anak;
- 2) nangtukeun sumber data, novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati;
- 3) maca sagemblengna novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati;
- 4) nyirian bagian-bagian anu nuduhkeun struktur carita, psikologi perkembangan, jeung ajén atikan karakter.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data dikumpulkeun, léngkah séjénna nu perlu dilakukeun nyaéta kagiatan téhnik analisis nu digunakeun pikeun ngolah data. Anu dianalisisna tina segi struktural, psikologi perkembangan, jeung ajén atikan karakter ku cara nyusun papasingan, nganalisis, jeung napsirkeun data kalawan gemet. Perlu léngkah-léngkah dina ngalaksanakeunana nyaéta:

- 1) niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) maca jeung nyieun papasingan data pikeun dianalisis;
- 3) nganalisis tur ngaéskrpsikeun struktural, psikologi perkembangan, jeung ajén atikan karakter nu aya dina novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati;
- 4) nyindekkeun hasil analisis data.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa pasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2010 kc. 203). Nurutkeun Sugiyono (2010, kc. 305), dina panalungtikan kualitatif, anu jadi instrumén nyaéta panalungtikna. Posisi panalungtik dina panalungtikan kualitatif minangka *human instrument*, anu miboga fungsi netepkeun fokus panalungtikan, ngumpulkeun data panalungtikan, ngajénan kualitas data, nafsirkeun data, jeung nyieun kacindekan tina pamanggihna.

Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun kabagi jadi dua, nyaéta instrumén panalungtikan dina ngumpulkeun data jeung instrumén panalungtikan dina ngolah data. Instrumén dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun nganalisis struktur novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan*, anu satuluyna nganalisis karakteristik tokoh dumasar pamarekan psikologi perkembangan jeung nganalisis ajén atikan karakter.

3.3.1 Instrumén Panalungtikan Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina téhnik ngumpulkeun data, nyaéta instrumén tabél céklis buku sumber, tabél struktur novelét, tabél psikologi perkembangan, jeung tabél ajén atikan karakter. Buku-buku sumber dina ieu panalungtikan didata heula anu eusina ngarojong kana panalungtikan. Sabada ngadata buku, tuluy éta buku-buku téh dibaca bari dipilih, mana buku anu bakal digunakeun sarta jadi buku babon dina panalungtikan. Buku anu kapilih tuluy dicéklis dina tabél kieu.

Tabél 3. 1

Conto Tabél Céklis Buku Sumber

No.	Idéntitas Buku	Katégori Buku
1.	Judul : Panulis : Taun medal : Pamedal :	1. Sastra
		2. Bahasa
		3. Strukturalisme
		4. Novel
		5. Atikan karakter
		6. Psikologi anak
		7. Méthode panalungtikan

Tabél Struktural

Tabél 3. 2

Tabél Téma

No.	Téma	Cutatan	Kode Data
			PNW/KC/PD

Tabél 3. 3

Tabél Fakta Carita

No.	Fakta Carita	Cutatan	Kode Data
			PNW/KC/PD

Tabél 3. 4

Tabél Sarana Carita

No.	Sarana Carita	Cutatan	Kode Data
			PNW/KC/PD

Tabél 3. 5

Tabél Psikologi Perkembangan

No.	Psikologi Perkembangan	Cutatan	Kode Data
			PNW/KC/PD

Tabél 3. 6

Tabél Ajén Atikan Karakter

No.	Sikep	Kode Data	Cutatan	Ajén Atikan Karakter Nurutkeun Kemendikbud																	
				1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18
		PNW/KC/PD																			

Katerangan:

1 = <i>réligius</i> ;	10 = <i>semangat kebangsaan</i> ;
2 = <i>jujur</i> ;	11 = <i>cinta tanah air</i> ;
3 = <i>toléransi</i> ;	12 = <i>menghargai prestasi</i> ;
4 = <i>disiplin</i> ;	13 = <i>bersahabat/komunikatif</i> ;
5 = <i>kerja keras</i> ;	14 = <i>cinta damai</i> ;
6 = <i>kréatif</i> ;	15 = <i>gemar membaca</i> ;
7 = <i>mandiri</i> ;	16 = <i>peduli lingkungan</i> ;
8 = <i>demokratis</i> ;	17 = <i>peduli sosial</i> ;
9 = <i>rasa ingin tahu</i> ;	18 = <i>tanggung jawab</i>

PNW = *Pohaci Nawang Wulan*

KC = Kaca

PD = Pada

3.3.2 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ngolah data nyaéta kartu data. Kartu data mangrupa instrumén nu dipaké pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan-cutatan carita nu aya dina novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati. Ieu mangrupa gambaran kartu data anu digunakeun.

Kartu Data Analisis Struktural**Tabél 3. 7****Kartu Data Analisis Tema**

Kode data : PNW/Kc/PD
Téma :
Cutatan :
Analisis :

Tabél 3. 8**Kartu Data Analisis Fakta Carita**

Kode data : PNW/Kc/PD
Fakta Carita :
Cutatan :
Analisis :

Tabél 3. 9
Kartu Data Analsis Sarana Carita

Kode data : PNW/Kc/PD Sarana Carita : Cutatan : Analisis :

Tabél 3. 10
Kartu Data Analisis Psikologi Perkembangan

Kode data : PNW/Kc/PD Psikologi perkembangan : Cutatan : Analisis :
--

Tabél 3. 11
Kartu Data Analisis Ajén Atikan Karakter

Kode data : PNW/Kc/PD Ajén Atikan Karakter : Cutatan : Analisis :
--

Keterangan:

PNW = *Pohaci Nawang Wulan*

KC = Kaca

PD = Pada

3.4 Data jeung Sumber Data

Nurutkeun Usman jeung Akbar dina Khotimah (2016) data mangrupa bahan anu diolah sacara sistematis ku cara nganalisis nepi ka ngahasilkeun hiji informasi atawa hasil. Sumber data panalungtikan nyaéta objék data anu ditalungtik. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novelét barudak nu judulna *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati disawang tina struktural, psikologi perkembangan, jeung ajén atikan karakter.

3.4.1 Identitas Novelét

- 1) Judul : *Pohaci Nawang Wulan*
- 2) Pangarang : Ai Rohmawati
- 3) Medal : Citakan ka-1, 2018

Meli Nurul Maliah, 2020


AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA NOVELÉT BARUDAK POHACI NAWANG WULAN KARYA AI ROHMAWATI (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) Penerbit : Pustaka Jaya
 5) Kandel Buku : 44 kaca
 6) Warna Jilid : Bodas jeung héjo

Gambar 3. 1

Novelét *Pohaci Nawang Wulan*



Ieu buku mangrupa carita barudak karya Ai Rohmawati anu dilélér hadiah Samsodi dina taun 2019. Ai Rohmawati salah sahiji sastrawati Sunda anu kawilang produktif. Sastrawati anu dibabarkeun di Garut, 6 Séptémber 1986.

3.4.2 Ringkesan Carita

Pohaci Nawang Wulan téh nyaritakeun lalampahan hirup hiji budak awéwé anu geus pahatu lalis. Dicaritakeun yén Cici nu jadi tokoh utama dina ieu novelét téh ditinggalkeun ku bapana waktu tujuh bulan di jero kandungan indungna kénéh, sedengkeun indungna maot waktu ngalahirkeun Cici. Éstu matak ngangres, da puguh ti orok kénéh Cici mah teu kungsi panggih jeung indungna.

Ti saprak dua kolotna mulang ka kalanggéngan, Cici dirorok ku bibina. Bibina boga anak lalaki ngaranna Adam, anu umurna sarua jeung Cici. Adam jadi batur Cici, boh di imah boh di sakola. Tapi dina ieu lalakon, tokoh Adam miboga sifat anu patukang tonggong jeung Cici. Hiji mangsa basa Adam jeung Cici indit tarawéhan di tengah jalan Adam kalah ngajak méngkol ka warung Ceu Saroh. Tapi, Cici mah teu kapangaruhan, Cici tetep indit ka masjid pikeun

ngalaksanakeun solat tarawéh. Sabada balik ka imah Cici teu bareng jeung Adam, jam sabelas peuting Adam masih kénéh can balik ka imah, Cici sieun pisan katanyaan ku emang jeung bibina. Basa Cici keur api-api geus saré emangna ngahudangkeun, rék nanyakeun Adam. Ku Cici geus dibéjakeun nu saenyana, kabéh pada naréangan Adam, teu kungsi lila Adam kapanggih keur ngabebengkeun di jero masjid, alatan kamerkaan loba teuing barang dahar.

Teu karasa bulan puasa bakal lekasan, geus malem takbiran deui. Barudak di lapang lalumpatan bari pulang anting ka warung. Kawas anu geus dijangjikeun saacanna dina éta malem takbiran Adam meunang hadiah sabab geus namatkeun puasana sabulan. Adam dibéré sapédah ku indung bapana, teu kaliwat Cici ogé dibéré hadiah kantong Mickey Mouse ku bibi jeung emangna. Adam jeung Cici kacida bungahna. Dina poéan lebaran, subuh kénéh Cici jeung Adam geus tatahar rék ngalaksanakeun solat Idul Fitri di lapang bareng jeung masarakat nu séjénna. Sabada solat Idul Fitri, Cici dibaturan emang jeung bibina nadran ka makam indung-bapana. Sajeroning ngadoakeun indung-bapana katangen paroman Cici alum, tuluy juuh ku cimata.

Beda jeung Idul Fitri waktu Idul Adha mah Cici ngalaman hal anu pikasediheun keur manéhna, sabab domba inguannana nu dibéré ngaran Si Dombi rék dikurbankeun. Najan mimitina mah Cici téh teu mikeun éta dombana dikurbankeun tapi antukna mah Cici merékeun, malahan mah domba na gé Cici anu nungtun ka lapang pikeun dikurbankeun. Cici yakin domba anu dikurbankeun ayeuna bakal jadi pahala pikeun manéhna jaga di ahérat.

Libur sakola geus lekasan, Cici jeung babaturanna geus arasup deui sakola. Dina poé mimiti asup sakola, Cici gura-giru pisan sabab hayang milih bangku anu panghareupna, najan saacanna geus jangjian jeung Sri babaturanna pikeun mangmilihkeun bangku, tapi Cici gé sarua tanginasna. Ngan waktu datang ka kelas, Sri can aya, nepi ka geus beurang Sri can aya waé datang. Cici panasaran, tuluy Cici boga pikiran rék ningali heula ka imahna, meungpeung can asup. Basa nepi di imahna Sri geuning enya wé Sri téh teu indit sakola sabab gering, ku kituna Cici langsung buru-buru bali deui ka kelas. Waktu nepi kelas, Cici kacida ambekna sabab aya anu mindahkeun kantongna, sabada ditanyakeun geuning anu mindahkeunna téh nyaéta Adam jeung Galih, maranehna nepi ka rék garelut. Tapi

untungna teu jadi, da kaburu aya guru anu misahkeun. Maranéhna tuluy silih hampura deui.

Salian Sri, nu jadi sobatna Cici téh nyaéta Icha. Cici jeung Icha kamamana babarengan waé. Hiji waktu, Icha ngajajan seblak jeung inuman ka Cici. Geuning inuman anu dibeuli ku maranéhna téh geus kadaluwarsa antukna Cici jeung Icha garering, tapi Cici mah untungna teu saporah Icha nu nepi ka kudu di rawat di rumah sakit. Cici mah kaburu dibéré oralit jeung daun jambu ku bibina. Cici jeung Icha kapok moal jajan sambarangan deui.

Najan Cici resep ulin tapi manéhna tara tinggaleun kana ngaji. Unggal soré geus maneuh Cici ngaji di masjid. Pangajian nu diaayakeunna nyaéta tahfid Quran, Cici junun nalar Quran sabab ceuk Ustad Hamid pahalana gedé pisan, ogé bisa méré sawarga ka Indung-bapana di aherat. Hiji waktu Pa Camat ngayakeun pasangiri nalar Quran, Cici miluan dina éta pasangiri nepi ka jadi juara kadua.

Cici tuluy tumuwuh jadi budak anu pikaresepeun, umur Cici geus maju ka rumaja. Cici aya kahayang pikeun nutupan oratna, nyaéta ditiung. Ku kituna Cici hayang meuli tiung, tapi tabunganna can nyumponan pikeun meuli tiung. Bibina apal yén tabungan Cici kurang kénéh jang meuli tiung, antukna bibina nambahan ogé sakalian mangmeulikeun tiungna keur Cici. Cici kacida bungahna, tiung nu dipangmeulikeun ku bibina dipaké, moal rék dibuka ari lain rék saré mah.

Sanajan ti barang lahir geus prihatin, Cici téh ahlakna mah matak kayungyun, préstasina ogé pikaresepeun. Dina waktu samen Cici dibewarakeun jadi rengking kelas, jadi juara umum di SD Kersamenak, nilaina panggedéna sakacamatan, jeung katarima disakola favorit. Cici jadi budak nu soléhah jeung pinter, éta hal bisa jadi picontoeun pikeun barudak.